

**Demann NYCPS pou Sèvis Amelyore ak Ekitab (IESP)
pou yon Ane Lekòl Anvan
Deklarasyon sou Sèman Paran**

Sonje: Pou pitit ou a kalifye pou sèvis IESP pou ane lekòl w ap mande a, ou dwe voye bay CSE ou a yon Avi Entansyon Paran (PNI) pou mande sèvis yo pa pita pase 1ye jen anvan kòmansman ane lekòl sa a, sof si ou te nouvo nan distri a oswa si yo te idantifye pitit ou a kòm kalifye pou resevwa sèvis edikasyon espesyal pandan menm ane lekòl sa a. Si w pa t voye yon PNI alè oswa ou pa t kalifye pou yon eksepsyon, pitit ou a pa t gen dwa resevwa sèvis yo, epi ou pa ta dwe voye demann sa a. Si yo te idantifye pitit ou a pou premye fwa kòm kalifye pou resevwa sèvis edikasyon espesyal apre 1ye jen nan ane an kesyon an epi anvan 1ye avril nan menm ane lekòl sa a, ou dwe voye PNI ou a nan trant jou apre yo te idantifye pitit ou a pou premye fwa. Nenpòt PNI ki resevwa apre yon premye desizyon kalifikasyon ki te fèt 1ye avril oswa apre nan menm ane lekòl sa a ap konsidere kòm yon demann pou pwochen ane lekòl la.

Inite Sèvis Ekite ak Tarif Amelyore a aksepte demann ki gen rapò ak sèvis ki pral fèt pandan dis mwa ane lekòl la (septanm pou rive jen). Tout demann ki gen rapò ak sèvis pou Ane Lekòl Pwolonje ak/oswa Sèvis Konpansatwa yo dwe ale bay CSE a.

Esplikasyon: Pou mande peman pou sèvis IESP/ekitab ou te resevwa pandan yon ane lekòl anvan, tanpri prepare epi voye dokiman sa yo atravè fòm demann sou entènèt la (Kenbe kopi orijinal nenpòt deklarasyon sou sèman ou telechaje. NYCPS ka mande l pou verifikasyon):

- Deklarasyon sou Sèman Paran sa a (youn pou chak timoun);
- Yon Deklarasyon sou Sèman Founisè ki soti nan men chak founisè pitit ou a w ap chèche peman pou li a.
- Pou chak founisè k ap resevwa peman atravè yon ajans, yon Deklarasyon sou Sèman Ajans ki soti nan ajans lan, si montan yo peye ajans lan depase montan yo peye founisè a.
- Tout fakti, prèv peman, ak kontra pou nenpòt nan sèvis w ap chèche yo; epi
- Nenpòt lòt dokiman ki note sou deklarasyon sou sèman yo.

Tanpri sonje si w pa ranpli tout seksyon obligatwa yo, y ap rejte demann ou an. Sa gen ladan Non Elèv la ak NYCID sou chak paj.

1. Non Paran:
2. Non Elèv la:
3. NYCID:
4. Dat Nesans Elèv la:
5. Pou ki ane lekòl demann sa a ye?

☐ 2024-2025 ☐ 2023-2024

6. Dat IESP a an vigè pandan ane lekòl la:
7. Non timoun lekòl la pandan ane lekòl la:
8. Adrès lekòl la:

**Demann NYCPS pou Sèvis Amelyore ak Ekitab (IESP)
pou yon Ane Lekòl Anvan
Deklarasyon sou Sèman Paran**

9. Mwen afime mwen te voye yon avi entansyon pou paran yo mete pitit mwen an nan yon pwogram prive/anviwònman edikasyon prive nan oswa anvan 1ye jen ane lekòl anvan ane lekòl pou ki m ap mande peman an:

☐

Wi

☐

Non

10. Tanpri bay lis sèvis w ap mande yon pri amelyore anba a. Mete ladan l tou de frekans sesyon yo ak dire sesyon an:

Kalite Sèvis	Kantite fwa	Dire Sesyon an

11. Tanpri bay non founisè w ap chèche apwobasyon pou yon tarif amelyore pi ba a. Si gen plis pase youn, endike ki sèvis yo te bay.

Kalite Sèvis	Non

12. Ki kote pitit ou a te resevwa sèvis sa yo?

☐

Lakay

☐

Lekòl

☐

Lòt

- 12a. Si se "Lòt" (oswa si se plis pase yon kote), tanpri esplike:

13. Èske ou te peye nan pòch ou pou nenpòt nan sèvis IESP sa yo pou pitit ou a?

☐

Wi

☐

Non

13a. Si wi, ki montan pa èdtan ou te peye pou sèvis edikasyon espesyal pitit ou a?

14. Èske ou te siyen yon kontra avèk founisè sèvis oswa Ajans lan pou pitit ou a?
(Mete yon kopi si w chwazi 'wi')

☐

Wi

☐

Non

15. Èske ou ta renmen yo ranbouse w pou sèvis edikasyon espesyal pitit ou a?
(Tanpri mete prèv peman an si w chwazi 'wi')

☐

Wi

☐

Non

16. Èske w ta renmen pou yo peye founisè pitit ou a dirèkteman?

☐

Wi

☐

Non

17. Èske ou te resevwa yon P4 ak/oswa yon RSA konplè nan men CSE ou a pou ane lekòl w ap mande a?

☐

Wi

☐

Non

18. Tanpri chwazi deklarasyon anba a ki koresponn ak sitiyasyon w lan:

☐

Mwen deklare WI, mwen te depoze oswa otorize depoze yon DPC pou ane lekòl ki an kesyon an.

☐

Mwen deklare NON, mwen pa depoze oswa otorize depoze yon DPC pou ane lekòl ki an kesyon an.

18a. Si w te deklare "wi" pou w te depoze oswa otorize yon DPC pou ane lekòl sa a, tanpri bay nimewo dosye a:

19. Èske ou te deklare ou te kolabore ak tout efò NYCPS yo pou asiyen pitit ou a yon founisè, sa gen ladan l òf plas apre lekòl ak plas wikenn epi voye sondaj sou plas apre lekòl/wikenn nan?

☐

Wi

☐

Non



**Demann NYCPS pou Sèvis Amelyore ak Ekitab (IESP)
pou yon Ane Lekòl Anvan
Deklarasyon sou Sèman Paran**

Afimasyon ak Notarizasyon

Mwen _____ menm, (ekri non w oswa non w an lèt detache), mwen se paran/responsab legal _____ (non elèv la) epi m ap voye demann sa a pou li. Mwen konprann demann sa a limite a peryòd ki enpòtan an nan dis mwa ane lekòl la (ant 1ye septanm ak 30 jen) epi fòk yo voye yon nouvo demann chak ane lekòl. Mwen rekonèt lè m voye deman/deklarasyon sou sèman sa a New York City Public Schools ak/oswa New York City ka verifeye tout dosye ki gen rapò ak sèvis sa yo. Mwen jire (oswa deklare), anba penalite pou fo deklarasyon, tout enfòmasyon ki pi wo yo se laverite e yo kòrèk.

Siyati Paran an: _____ Dat: _____

ETA:

KONTE:

Nan _____ jou nan _____ nan ane _____ devan m, moun ki mansyone la vini pèsònèlman _____ mwen konnen l pèsònèlman oswa ban m prèv sou baz prèv solid, montre li se moun sa a ki gen non l ki mansyone nan dokiman sa a e mwen rekonèt li jwe wòl sa a nan kapasite l e pa mwayen siyati l sou dokiman sa a, moun nan oswa moun l ap reprezante a, te prepare dokiman an.

SIYATI NOTÈ PIBLIK LA

SONJE: Tanpri sonje yon notè dwe yon pati net nan demann nan epi li pa dwe gen yon enterè finansye nan demann nan.